



Pou Piblikasyon Imedya: 10/02/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**ANVAN KOUP DI MOND FIFA 2026 LA, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 17.2 MILYON DOLA NAN FINANSMAN FEDERAL POU KONBAT UTILIZASYON DWÒN KI ILEGAL**

*Finansman federal la ranfòse kapasite Eta a ak otorite lokal yo pou pwoteje kont itilizasyon sistèm avyon san pilòt ki reprezante yon menas pou sekirite piblik*

*Gouvènè a te deja anonse plan pou limite plis kote dwòn yo ka vole epi elaji otorite fòs de lòd yo pou reponn a menas kredib ki fèt ak dwòn; sipòte tèk teknoloji kont dwòn yo an sekirite*

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a, atravè Pwogram Sibvansyon Federal Sistèm Kont Avyon San Pilòt (Counter-Unmanned Aircraft Systems, C-UAS) la, kat ajans sekirite piblik nan Nouyòk ki enplike nan sekirite evènman Koup di Mond FIFA 2026 yo resevwa plis pase 17.2 milyon dola pou pwoteje kont menas itilizasyon dwòn ilegal. Sibvansyon C-UAS la bay finansman ki ka sèvi pou achte ekipman ak sistèm ki ede ajans nivo eta ak lokal yo detekte, idantifye, swiv, kontwole epi/oswa diminye enpak sistèm avyon san pilòt ki reprezante menas pou sekirite piblik.

"Avèk evolisyon teknoloji a, gen nouvo fason yo ka sèvi avè l pou fè lòt moun mal," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a ap sèvi anpil pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite, pandan l ap pèmèt evènman istorik tankou Koup di Mond 2026 la ak 250yèm anivèsè nesans peyi nou an selebre nan sekirite ak pwoteksyon."

Pou Ane Fiskal 2026 la, yo te mete 250 milyon dola nan finansman federal konpetitif disponib pou onz eta ki, swa dirèkteman oswa endirèkteman, ap òganize evènman ki lye ak Koup di Mond FIFA 2026 la, ansanm ak Rejyon Kapital Nasyonal la ki pral òganize evènman pou selebrasyon 250yèm Jou Endepandans Etazini. Rès 250 milyon dola finansman an ap vin disponib nan Ane Fiskal 2027.

Kat ajans atravè eta a te resevwa finansman:

<b>Benefisyè</b>	<b>Kantite Lajan yo Akòde</b>
New York State Police (NYSP)	\$6,649,007
Metropolitan Transportation Agency (MTA)	\$2,605,539
Port Authority of New York & New Jersey (PANYNJ)	\$1,500,000
New York City Police Department (NYPD)	\$6,460,721

Kòm yon pati nan diskou Eta Leta 2026 li a, Gouvènè Hochul te anonse li t ap devlope yon plan konplè pou dwòn yo. Amezi dwòn yo ap vin pi gaye ak gen plis kapasite, yo kòmanse reprezante yon danje k ap grandi pou sekirite piblik, enfrastrikti enpòtan yo, ak piblik la. Lwa aktyèl yo limite kapasite Eta a pou mete restriksyon sou kote dwòn yo ka opere, pou reponn rapidman lè yo itilize dwòn yo yon fason malveyan oswa danjere, oswa pou teste epi itilize teknoloji efikas pou konbat dwòn yo.

Nan bidjè egzekitif ane fiskal 2027 la, Gouvènè Hochul pral avanse yon apwòch konplè pou entèdi itilizasyon dwòn ki riske epi pou pilote itilizasyon responsab dwòn yo yon fason ki limite kòm premye sekouris. Li te fè avanse lejislasyon ak aksyon ajans yo pou limite plis kote dwòn yo ka vole, elaji otorite fòs de lòd yo pou reponn a menas kredib ki fèt ak dwòn epi sipòte tèk teknoloji kont dwòn yo an sekirite. Pwopozisyon an gen ladan 5 milyon dola pou Lapolis Eta Nouyòk la pral pilote dwòn kòm premye sekouris, sa ki pral pèmèt ofisye yo evalye reyalyte yon sityasyon anvan yo rive sou plas epi ankouraje sekirite ofisye yo ak sekirite piblik la.

**Komisè pa Enterim Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services), Terry O'Leary, te deklare,** "Kapasite pou detekte epi diminye menas dwòn yo poze pou gwo rasanbleman se yon bagay esansyèl pou pwoteje selebrasyon Nouyòk pral òganize ete sa a. Finansman sa a ap ede patnè nou yo nan Lapolis Eta a, NYPD, MTA ak Otorite Pòtyè adrese menas sa a, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò kontinyèl li pou apwòch inovatè yo pou asire sekirite piblik la."

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare,** "Antanke manm Komite Sèvis Lame Sena a, mwen travay depi plizyè ane pou jwenn envestisman federal ki ranfòse kapasite kont dwòn yo, epi pou mete ajou ak amelyore lejislasyon kont dwòn lan pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite. Avèk Koup Di Mond FIFA 2026 la k ap pwoche rapidman, mwen fyè dèske mwen fè pase lejislasyon ki pèmèt fòs de lòd yo pwoteje gwo rasanbleman tankou Koup di Mond la, epi dèske mwen pote lajan federal sa yo ki pral ede asire eta nou an pare epi kominote nou yo pwoteje. M ap kontinye goumen pou tounen pote lajan federal ki pwoteje fanmi Nouyòk yo epi ki pwoteje Ameriken yo."

**Reprezantan Pat Ryan te deklare,** "Depi entrizyon dwòn ki te bay anpil enkyetid nan Ayewopò Stewart an 2024, mwen pa t sispann goumen pou ranfòse otorite sistèm kont avyon san pilòt (UAS) yo epi finanse inisyativ nan nivo federal, nivo eta a ak nivo lokal la pou asire Nouyòkè yo pwoteje. Mwen fyè dèske yo chwazi Nouyòk pou pwogram kritik sa a, epi mwen swete nou kontinye patenarya nou ak fòs de lòd lokal yo sou inisyativ sekirite piblik enpòtan sa a. Espesyalman anvan Koup di Mond la, kapasite pou detekte dwòn epi diminye menas potansyèl yo pa yon bagay "enteresan pou genyen" ankò; se yon bagay endispansab pou sekirite piblik. Sa a se egzakteman kalite inovasyon nou dwe mete kòm priyorite nan tout nivo gouvènman an."

**Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans**

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo](#) ofri direksyon, kowòdonasyon ak

soutyen nan efò y ap fè pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere apre atak teworis, katastwòf natirèl, menas, ensandi ak lòt ijans. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [paj Facebook DHSES la](#), swiv [@NYSDHSES sou X](#) oswa ale sou [dhses.ny.gov](https://dhses.ny.gov).

Resevwa mesaj tèks alèt ijans ak meteyo an tan reyèl dirèkteman sou telefòn ou. Voye yon mesaj tèks ak non konte oswa katye ou rete a nan 333111 pou enskri kounye a. Aprann plis sou [dhses.ny.gov/emergency-alerts](https://dhses.ny.gov/emergency-alerts).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](https://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](https://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)